



Gid Aksè pou Kontribyab yo

GID JENERAL

Sèvis Revni Entèn nan devwe pou li garanti kontribyab yo kapab patisipe, epi benefisyé avantaj pwogram ak sèvis nou yo. Devouman sa enplike tou pwogram ki gen asistans IRS nou yo – Asistans Enpo sou Revni Volontè (VITA), Konsèy sou Enpo pou Pèsonaj yo (TCE), ak Klinik pou Kontribyab Ti Revni yo (LITC).

Nou ofri aranjman rezonab pou kontribyab ki gen andikap nan vizyon, ekout, mantal, mobilite oswa lòt nesesite. Si anglè se dezyèm lang ou, nou ofri tou sèvis nan lòt lang yo, ni alekri ni aloral.

Ou ka fè demann asistans lengwistik oswa andikap nenpòt moman lè ou bezwen sèvis IRS la oswa pwogram IRS asiste yo. Asistans nou an gratis pou kontribyab yo. Nou trete demann yo dapre nesesite moun yo.

Si ou gen yon sousi oswa kesyon konsènan aranjman rezonab yo oswa asistans lengwistik, tanpri kontakte nou:

Office of EDI Civil Rights Unit
Internal Revenue Service, Room 2413
1111 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20224

edi.crd.ra@irs.gov oswa edi.civil.rights.division@irs.gov

202-317-6925 oswa TTY/TDD 202-289-4394



Kesyon yo Poze Souvan sou Aranjman Rezonab

1. Kisa ki yon aranjman rezonab?

Yon aranjman rezonab se tout chanjman ki fèt nan yon politik, pratik, pwosedi oswa sèvis ki bay yon kontribyab ki gen yon andikap bon aksè nan sèvis IRS ak pwogram IRS asiste yo.

2. Ki kèk egzanp aranjman rezonab ki genyen?

Gen plizyè aranjman diferan epi n ap travay pou nou trete demann ou an dapre nesesite ou. Egzanp aranjman yo se:

- sèvis entèprèt pou lang siy
- Dokiman an karaktè Brailles oswa an gran karaktè

3. Kiyès ki kalifye pou yon aranjman rezonab?

Yon moun ki gen yon andikap ka kalifye pou yon aranjman rezonab si li gen pwoblèm avèk yonn oswa plizyè aktivite enpòtan nan vi a, tankou:

- | | | |
|----------------------|---------|------------|
| • respirasyon | • pale | • vizyon |
| • mache | • ekout | • mobilite |
| • fonksyon mantal yo | | |

4. Kòman mwen ka fè demann yon aranjman rezonab?

Si ou bezwen yon aranjman rezonab, mande yon anplwaye IRS oswa, nan sit IRS asiste, mande yon volontè.

5. Kilè mwen ta dwe fè demann yon aranjman rezonab?

Ou ka fè demann yon aranjman rezonab nenpòt moman pandan vizit ou nan IRS oswa nan Pwogram oswa enstalasyon IRS asiste. Kèk fwa, yo pa pwograme ou pou lè aranjman yo disponib. Ou ka fè demann aranjman rezonab yo an avans tou lè ou pran randevou w lan nan telefòn.



6. Kisa ki yon pwogram oswa aktivite IRS asiste?

IRS bay ajans patnè yo asistans finansyè, tankou pwogram VITA a, TCE a oswa LITC. Tout pwogram oswa aktivite ki opere atravè patenarya sa yo konsidere tankou pwogram oswa aktivite IRS asiste.

7. Èske IRS la oswa pwogram IRS asiste yo ka mande mwen dokiman medikal lè mwen fè demann yon aranjman rezonab?

Non. Okenn moun pa ta dwe mande ou okenn dokiman medikal lè ou fè demann yon aranjman rezonab. Yo ta dwe mande ou ki asistans ou bezwen sèlman.

8. Èske yon moun ka fè demann yon aranjman rezonab sou non mwen?

Wi, nenpòt moun ka fè demann yon aranjman rezonab sou non yon moun ki gen yon andikap ki bezwen sèvis IRS la.

Vizite www.irs.gov epi seleksyone bouton Dwa Sivil la anba paj la pou plis kesyon yo poze souvan.

Kesyon yo Poze Souvan sou Aksè Lengwistik

1. Kiyès yo konsidere tankou yon moun ki gen konpetans limite nan anglè (LEP)?

Si anglè pa premye lang ou epi ou limite nan kapasite w pou ou li, pale, ekri oswa konprann anglè, yo ka konsidere w tankou yon moun ki gen LEP.

2. Ki kalite asistans lengwistik vèbal ki disponib pou kontribyab ki gen LEP yo?

Asistans lengwistik vèbal la gen ladan:

- manm pèsonèl bileng ki kalifye
- sèvis entèpretasyon nan telefòn
- kominate bileng kalifye volontè nan pwogram patnè yo
-

3. Kòman mwen ka jwenn asistans lengwistik vèbal la?

Pou resevwa asistans lengwistik vèbal nan yon biwo IRS, tanpri enfòme anplwaye IRS la ou bezwen asistans lengwistik. Nou fòme pèsonèl bileng epi nou itilize sèvis entèpretasyon nan telefòn.



Pou resevwa asistans lengwistik vèbal nan yon enstalasyon IRS asiste, enfòme volontè ou bezwen asistans lengwistik. Pwogram IRS asiste yo itilize yon varyete resous. Rete enfòme, ou ka pa jwenn asistans touswit, men yo ta dwe kontakte ou lè sèvis lengwistik yo disponib. Patnè nou yo drese yon lis sèvis lengwistik yo genyen ki konn plis disponib sou paj wèb lokalizatè sit VITA oswa TCE oswa LITC yo.

4. Èske mwen ka vini ak pwòp entèprèt mwen pou m rankontre IRS la oswa yon patnè IRS asiste?

Jeneralman, manm fanmi yo, timoun yo, zanmi yo ak volontè ki pa fòme yo pa ka sèvi antanke entèprèt paske yo pa familyarize avèk tèm pou yon bon entèpretasyon. Si ou vini ak pwòp entèprèt ou, IRS oswa patnè IRS asiste nou yo ka bay yon entèprèt pou akonpaye pa w la, toudepannde difikilte sijè a.

5. Ki kalite asistans tradiksyon alekri ki disponib?

IRS ak patnè IRS asiste yo garanti kontribyab ki gen konpetans limite nan anglè yo jwenn aksè nan dokiman enpòtan yo. Aktyèlman, IRS la gen depase 100 dokiman ki tradui an panyòl ak lòt lang. Anpil dokiman gen ladan yo enfòmasyon kontak pou asistans lengwistik. Sit entènèt irs.gov disponib nan senk lang anplis: Panyòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Kreyol Ayisyen ak Vyetnamyen.

6. Kisa ki yon dokiman endispansab?

Dokiman endispansab oswa enpòtan yo se:

- fòmilè konsantman ak plent
- fòmilè admisyon ak demann
- avi dwa ki alekri
- avi refi, pèt oswa diminisyon nan avantaj oswa sèvis yo
- pano ak avi ki enfòme moun ki gen konpetans limite nan anglè yo sou sèvis asistans lengwistik gratis yo

Vizite www.irs.gov epi seleksyone bouton Dwa Sivil la anba paj la pou sa yo ak plis kesyon yo poze souvan.